# КIудияб Октябралъул тарих

Вергьун къейищ, яги къун бергьийищ беццараб?
Россиялъул къайсарас къолъикI гьабун рагIидал,
Ихдалил къо кинигин хисардула Дагъистан.
Аралъул гIасилъиялъ, бачIунелъул къисматалъ
ТIупан буго хIараб накIкI магIаруласул рекIелъ.
Исламияб дин цIунун шаргIияб гIадлу бокьун,
ГIумру тIаса бищараз яргъил кьагIу бацIцIуна.
Нажмудин имам вищун, Узун-ХIажи халиф тун,
Халкъалъул хIаракалъи хIабургъине лъугьуна.
Генерал Халиловгун чиновникал цолъула
Деникинилгун рекъон вукъарасул нух ккола.
Социалистазул нух МахIачица бищула,
Халкъалде ахIиги бан хIуриятáлде цIала.
Большевикал раккула Уллубий загьирлъула,
ХIабургъараб Дагъистан кьалде жаниб рехула.
Цо инсул ункъавго вас ункъиде рикьун уна,
Ункъабго букIонги ккун Дагъистан кIобокIула.
НакIкIукь ккун магIарулав нухазда къосун ккола,
Къирарзаби гIемерлъун гIадада биял тIола.
ШаргIалъул нух ккуразул лъабиде рикьел ккола.
ЩайтIан гьури кинниги терелеб ВатIаналда,
МахIач ватIалъаниги хIурият балагьула.

ВатIаналъ кьалде ахIун тIад вахъула гIахьвалав,
Чияр хIатIикь ракь ккезе теларилан гьаги бан
Ичкериялъул амир Узун-Хайр ХIажи-хан
Гьесул амру-ахIуде хIалай уна Чачаналъ.
Ведено гьевги вукъун тIад руссуна кIкIалахъе
ГIали-ХIажи ГIахъущес социалистал ккведал,
Гьесул нух ккун ине къасд ккола гIахьвалазул.
Эркенлъигун ращалъи щвеялде хьулалги лъун,
Къуваталъул гIоркьги ккун кьалазда ахир лъезе.
Гьалаглъула рагъул цIа магIарулазда гьоркьоб,
Цоял гIурччиналилан, цоял хъахIилалилан
Хадурго багIаралго речIчIула цоцалъ данде,
Жиделъго жалго рагъун лъедерлъула гIолилал.
Кьеразде халкъал бикьун кьалде Дагъистан рехун,
КьучIчI биххидал руккелал рахъ-рахъалда рахъула
Исламалда мугъги чIван чIел щвараб хIуриятáлъ
Бергьенлъи жидехъ щведал шаригIатгун кьал бала.
Божуда рекIкI хIараца Советал щулалъидал
ХIурият бахъанщинал цIадул коронир гьола.
Рагъазулъ чвахараб би цурдуца чIикIарула
ТункIил харил махI чIвачIес ХIуриятги хахула.
Вергьарав къаникь ккарав, къурав тIалъуда ккарав
Къагида гьедин ккараб араб инкъилабалъул.